



Pou Piblikasyon Imedya: 03/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KAZINO YO GENYEN OTORIZASYON POU RE-OUVRI AVÈK KAPASITE LIMITE SEMÈN PWOCHÈN LAN

Kouvèti pou figi, distans sosyal ak lòt pwotokòl sekirite ki obligatwa tout tan

Kazino yo dwe genyen nòm pou filtrasyon, vantilasyon ak pirifikasyon lè ki amelyore an vigè avan re-ouvèti a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a etablisman kazino ak tèminal lotri videyo yo pral genyen otorizasyon pou re-ouvri apati 9 septanm avèk yon limit okipasyon ki se 25 pousan. Tout espas ki chwazi pou re-ouvri pral anba pwotokòl sekirite estrik, gen ladan aplikasyon estrik kouvèti pou figi yo sòf lè moun ap manje oswa ap bwè, distans sosyal, pèsònèl anplis pou kontwòle okipasyon an, fliyidite nan sikilasyon an ak espas pou chita pou evite foul moun, ak pwotokòl pou netwayak ak dezenfeksyon ki amelyore yo. Kazino yo dwe genyen nòm pou filtrasyon, vantilasyon ak pirifikasyon lè ki amelyore an vigè pou yo ka re-vouri.

"Nouyòkè yo te fè yon travay ekstraòdinè - nou te aplati koub la nan yon fason ke okenn ekspè pa te panse ki te posib", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te pran desizyon ke nou kapab re-ouvri kazino yo an tout sekirite avèk pwotokòl estrik pou filtrasyon lè ak sekirite gen ladan mask obligatwa ak distans sosyal. Sa se bòn nouèl epi jis pwochen etap la nan re-ouvèti pa faz ki baze sou done nou an ap bay rezilta."

Kazino yo dwe kite sis pye distans apre chak itilizasyon machin yo. Yo pa pral bay otorizasyon pou okenn jwèt sòf si epi jiskaske kazino yo mete an vigè baryè fizik ant jwè yo epi ke Komisyon sou Jwèt (Gaming Commission) la apwouve baryè sa yo. Yo pa pral bay otorizasyon pou okenn sèvis bwason oswa manje sou etaj pou jwèt la. Yo pral deplwaye Komisyon sou Jwèt Eta a pou siveye kazino yo epi asire aplikasyon estrik mezi sa yo.

###

Lòt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)